

BAB III

MÉTODEU PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh ngagunakeun pamarekan kualitatif. Nurutkeun Sukmadinata (2012, kc. 6) panalungtikan kualitatif (*Qualitatif Research*) nyaéta hiji panalungtikan anu miboga udagan pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis fenomena kajadian, aktivitas sosial, sikap, kapercayaan, persepsi, pamikiran, manusa boh individu boh kelompok.

Arikunto (2013, kc. 25) negeskeun yén “*penelitian kualitatif menggunakan berbagai prosedur pengumpulan data dalam rangka menegaskan wawasan yang sedang dikembangkan dan menjamin kepercayaan data yang dikumpulkeun*”

Dumasar pamadegan di luhur, ieu panalungtikan mangrupa hasil pamikiran tina pamarekan kualitatif kana hiji objék anu ditalungtik. Anapon métodeu anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métodeu déskriptif.

Nurutkeun Djajasudarma (2010 kc. 9) métodeu panalungtikan déskriptif nyaéta métodeu anu boga udagan pikeun nyieun déskripsi; maksudna nyieun gambaran, rarancang sacara sistematis, faktual jeung akurat ngeunaan data, sipat-sipat sarta patalina fénoména-fénoména anu ditalungtik. Luyu jeung Djajasudarma, Nazir (2013, kc. 43) ogé nétélakeun yén métodeu déskriptif nyaéta hiji métodeu dina nalungtik hiji kelompok manusa, hiji objék, hiji situasi kaayaan, hiji sistem pamikiran, atawa ogé hiji kajadian di mangsa kiwari.


Ku kituna, tujuan ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun, medar gambaran jeung rarancang sacara sistematis, faktual sarta akurat ngeunaan objék data basa tina sumber tinulis nu ditalungtik nyaéta carita pantun *Budak Mandjor* dumasar wanda katut patalina pikeun bahan pangajaran di SMA.

Satuluyna, ieu panalungtikan miboga desain pikeun jadi tatapan dina ngolah datana. Desain panalungtikan nyaéta sakabéh prosés anu diperlukeun dina perencanaan jeung pelaksanaan panalungtikan (Suchman dina Nazir, 2013, kc. 70). Dina harti nu leuwih heureut, desain panalungtikan ngan saukur ngumpulkeun jeung nganalisi data hungkul.

Téhnik panalungtikan anu digunakeun nyaéta téhnik ulikan pustaka lantaran data basa anu dikumpulkeun asalna tina sumber tinulis nyaéta tina buku. Sakumaha nu ditétélakeun ku Langacker (dina Sudaryat, 2004, kc. 31) yén téhnik ulikan pustaka atawa téhnik téks dipaké saupama data basa anu dikumpulkeun asalna tina sumber tinulis saperti koran, majalah, jeung buku.

Dina ieu panalungtikan hal anu bakal didéskrripsikeun nyaéta ngeunaan purwakanti jeung wandana, sarta patalina purwakanti pikeun bahan ajar anu nyampak dina carita pantun *Budak Mandjor*. Sangkan leuwih jéntré, desain panalungtikan digambarkeun saperti ieu bagan di handap.

Bagan 3.1 Desain Panalungtikan



3.2 Data jeung Sumber Data

Data dina ieu panalungtikan nyaéta kalimah nu ngandung gaya basa purwakanti dina carita pantun *Budak Mandjor*. Sumber data nurutkeun Arikunto (2013, kc. 172) nyaéta sumber atawa jejer ti mana data bisa kacangking. Sedengkeun Moleong (dina Arikunto, 2013, kc. 22) nétélakeun yén sumber data panalungtikan kualitatif nyaéta tampilan dina wangun kekecapan boh lisan boh tinulis anu dipaluruh ku panalungtik, sarta barang-barang anu dipaluruh sacara detail sangkan bisa kacangking ma'na anu nyamuni dina dokumen atawa barang nu keur ditalungtikna.

Sumber data anu dijadikeun objék panalungtikan mangrupa dokumentasi tinulis, nyaéta:

Judul Carita Pantun	: <i>Budak Mandjor</i>
Seri ka-	: 12
Juru Pantun	: Ki Atjeng Tamadipura (Situradja-Sumedang)
Hasil Transkrip	: Yudi
Dikoréksi ku	: Rachmat M. Sas. Karana
Nu ngadokumentasikeun	: Ajip Rosidi
Pulas Cover (jilid)	: Héjo
Kandel Buku	: 117
Publikasi	: Proyék Penelitian Pantun & Folklore Sunda, Bandung
Taun Medal	: 1973

3.3 Téhnik Panalungtikan

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyéta téhnik ulikan pustaka atawa téhnik téks. Ieu téhnik digunakeun pikeun néangan informasi sumber-sumber tiori anu aya patalina jeung purwakanti. Informasi tina sumber data tinulis, nyaéta carita pantun *Budak Mandjor*.

Léngkah-léngkah dina ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan, nyaéta:

- 1) Nangtukeun sumber data, anu mangrupa carita pantun *Budak Mandjor*;
- 2) maca carita pantun *Budak Mandjor* salaku sumber data nu dianalisis;

Erna Ervilyana Rulita, 2017

PURWAKANTI DINA CARITA PANTUN BUDAK MANDJOR PIKEUN BAHAN AJAR APRÉSIASI SASTRA DI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 3) nyirian purwakanti dina carita pantun *Budak Mandjor*; jeung
- 4) nyalin data unsur purwakanti nu kapaluruh kana kartu data.

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Sabada data kakumpul, léngkah séjénna nu perlu dilakukeun nyaéta kagiatan téhnik ngolah data. Téhnik anu dipaké pikeun ngolah data dina ieu panalungtikan téhnik analisis unsur sacara langsung. Téhnik analisis unsur sacara langsung dipaké lantaran sumber data panalungtikan mangrupa data tinulis, udaganana pikeun ngolah data anu patali jeung déskripsi purwakanti jeung wanda purwakanti dina carita pantun *Budak Mandjor* sarta larapna purwakanti pikeun bahan ajar aprésiasi sastra.

Data nu geus dikumpulkeun dina ieu panalungtikan tuluy diolah dumasar kana léngkah-léngkah ieu..

- 1) Mariksa deui sakabéh data purwakanti anu geus dikumpulkeun;
- 2) nyusun sakabéh data purwakanti sarta méré kode kana unggal datana;
- 3) nyalin data nu geus dikodean kana tabulasi data;
- 4) nyieun papasingan data purwakanti;
- 5) nganalisis purwakanti dumasar kana wandana;
- 6) nganalisis pola struktur basa dina purwakanti;
- 7) ngadeskripsikeun wanda jeung pola purwakanti;
- 8) nafsirkeun wanda jeung pola purwakanti dina carita pantun *Budak Mandjor*;
- 9) nyusun bahan ajar aprésiasi sastra carita pantun *Budak Mandjor*; jeung
- 10) nyieun kacindekan tina purwakanti anu kapaluruh dina carita pantun *Budak Mandjor*.

3.4 Instrumen Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 203) instrumen nyaéta alat atawa fasilitas anu digunakeun panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan panalungtikanana leuwih babari tur hasil anu hade, dina harti lengkep jeung sistematis nepi ka babari diolahna.

Dina unggal panalungtikan tangtu diperlukeun instrumen pikeun meunangkeun data. Ku sabab ieu panalungtikan ngagunakeun métodeu déskriptif

sarta sumber datana dina wangun tinulis (buku), instrumen anu dipakéna nyaéta kartu data (korpus).

Kartu data dipaké pikeun ngumpulkeun data purwakanti jeung wandana dina carita pantun *Budak Mandjor*. Ari eusi kartu data ngawengku:

- 1) data kalimah, nyaéta kecap, frasa, klausa atawa kalimah nu ngandung purwakanti dina *Carita Pantun Budak Mandjor* (CMBP);
- 2) kode sumber data, bisa mangrupa angka, kalimat pondok atawa panjang anu pungsina pikeun ngababarikeun panalungtik dina nganasis data. Tipe kode data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta “CPBM/1/1/1G” hartina Carita Pantun Budak Mandjor / kaca ka- / pada ka- / urutan data ka-;
- 3) kode papasingan wanda purwakanti A hartina purwakanti pangluyu, B hartina purwakanti maduswara, C hartina purwakanti cakraswara, D hartina purwakanti pangluyu laras purwa, E hartina purwakanti laras madya, F hartina purwakanti laras wekas, G hartina purwakanti mindoan kawit, H hartina purwakanti mindoan wekas, I hartina purwakanti mindoan kecap, J hartina purwakanti margaluyu, jeung K hartina purwakanti rangkepan;
- 4) wanda purwakanti, ditilik dumasar tiori Salmun anu nyieun papasingan purwakanti jadi sapuluh wanda; jeung
- 5) déskripsi, nyaéta ngadéskripsikeun data kalimah anu kapanggih.

Gambar 3.1 Conto Kartu Data

KARTU DATA

1. Kalimah : //ka *gustina*
ka para nabina
ka sahabat
ka malaikat//1)
2. Kode Data : CPBM/1/1/1
3. Wanda : Purwakanti Mindoan Kawit
4. Déskripsi : Préposisi “ka” dipindo dina awal kalimah dina unggal padalisan (runtuyan)

Sabada instrumén kartu data dilaksanakeun, satuluyna sakabéh data dihijikeun jeung diolah ngaliwatan tabél data. Tabél data dilakukeun ku cara

mindahkeun hasil tina kartu data kana wangun tabél. Conto format tabélna saperti ieu di handap.

Tabél 3.1
Conto Tabél Data

No Urut	Purwakanti	Kode	Wanda	Déskripsi
001	ka gustina ka para nabina ka sahabat ka malaikat	CPBM/1/1/1G	Purwakanti Mindoan Kawit	Préposisi “ <i>ka</i> ” dipindo dina awal kalimah dina unggal padalisan